

Chaj piblik la konsidere si yon moun k ap aplike pou yon kat vèt ta ka depann prensipalman sou gouvènman an pou sipò alavni. Ofisyè imigrasyon yo revize tout sikonstans yon moun epi yo ka detèmine si yon moun te konte sitou sou de kalite benefis espesifik nan tan lontan. Si ofisyèl imigrasyon yo detèmine ke yon moun gen anpil chans depann sou gouvènman an pou mwayen pou viv alavni, yo ka refize yo pèmasyon pou yo vini Ozetazini. Oswa refize aplikasyon yo pou yon kat vèt.

## 1

### POU KI MOUN CHAJ PIBLIK LA APLIKE?

Chaj piblikla pa aplike pou tout moun. Moun k ap chèche yon kat vèt atravè yon manm fanmi oswa k ap chèche antre Ozetazini soti andeyò peyi a ka sibi tès sa a. Anpil moun (gade lis ki anba a) yo egzante.

Pa gen okenn tès chaj piblik pou kategori imigran sa yo:

- Asilye yo
- Refijye yo
- Aplikan ak moun ki gen viza U oswa T (trafik moun oswa viktim krim)
- VAWA Oto-Aplikan
- Moun ki mande oswa ki jwenn SIJS (Estati Espesyal Imigran Minè)

Pa gen okenn tès chaj piblik pou kategori imigran sa yo:


- sitwayènte ameriken
- Renouvèlman kat vèt
- Azil, DACA, TPS, oswa DED (inisyèl aplikasyon ak renouvèlman)

### KI BENEFIS YO PRAN AN KONT?

## 2

Ofisyèl imigrasyon yo ka konsidere sèlman benefis moun kap aplike kat vèt la resevwa. Yo pa kapab pran an konsiderasyon benefis lòt fanmi oswa manm nan kay la itilize, menm si non aplikan an parèt sou aplikasyon manm fanmi yo, sof si benefis yo resevwa yo se sèl revni fanmi an. Pifò moun ki aplike pou kat vèt fanmi yo pa kalifye pou pwogram benefis sa yo. Ofisyèl imigrasyon yo ka konsidere sèlman de kalite avantaj:

1. Asistans lajan chak mwa pou satisfè bezwen yon moun. Sa enkli Revni Sekirite Sipleman (SSI), Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF), ak pwogram asistans lajan kach ki baze sou eta a.
2. Enstitisyonèl swen alontèm nan fres de gouvènman an



## OFISYE IMIGRASYON YO P AP KONSIDERE



Medicaid, Medicaid Ijans, Pwogram Asirans Maladi pou Timoun yo, pwogram swen sante leta ak lokal yo (eksepte swen alontèm), ak asirans ak sibvansyon atravè Healthcare.gov ak nan lòt bous detid swen sante.



Pwogram nitrisyon, tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP), Pwogram Espesyal Nitrisyon Siplemanntè pou Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC), pwogram manje lekòl, ak bank manje.



Pwogram lojman sibvansyone, tankou Seksyon 8 ak lojman piblik



Vaksen COVID, tè s ak tretman, ak sipò ki gen rapò ak COVID, tankou Transfè Elektronik Avantaj nan ka Pandemi (P-EBT), peman relans, kredi taks pou timoun, ak asistans pou lokasyon ijans.



Lòt pwogram asistans ki pa monetè ki baze sou eta a



Benefis lajan kach ki baze sou travay oswa salè, tankou sekirite sosyal, retrèt, pansyon, benefis veteran.

### 3

## KI TOTALITE SIKONSTANS YO?

Ofisyèl imigrasyon yo ta dwe konsidere yon Afidavit pou Sipò - yon kontra ke yon moun ki patwone (anjeneral yon manm fanmi) siyen pou aksepte responsablite finansyè pou yon moun demenaje yon fason pèmanan Ozetazini. Menm si yon moun te itilize pwogram ki anwo yo, ofisyèl imigrasyon yo pral gade tout sityasyon moun nan lè y ap deside si yo gen chans pou yo vin yon chaj piblik alavni. Faktè pozitif yo te ka konpanse itilizasyon benefis piblik yo. Tès chaj piblik la konsidere tou:

- Revni
- Anplwa
- Edikasyon
- Sante
- Stati Fanmi
- Afidavit sipò

Nou rekòmande fòtman pou imigran yo chèche konsèy legal ou fè konfyans si yo gen chaj piblik oswa pwoblèm estati imigrasyon; nan pifò ka yo, itilizasyon benefis piblik yo p ap gen yon enpak negatif sou sityasyon legal yon imigran. Enfòmasyon ak resous ki ajou nan lòt lang yo disponib tou nan [pifcoalition.org](http://pifcoalition.org).

Vizite [WWW.KEEPYOURBENEFITS.ORG](http://WWW.KEEPYOURBENEFITS.ORG) pou jwenn yon tès depistaj gratis, pèsonalize.